

DWA NOU POU N VOTE, SE DWA KI PWOTEJE

Biwo Avoka Jeneral la pral pwoteje dwa w pou vote epi asire li yo konte bilten vòt ou an.



KIJAN POU VOTE

Enskri oubyen mete enskripsyon votè w lan ajou nan registertovotema.com nan dat 24 oktòb pou pi ta. Ou gen 4 chwa:



VOTE BONÈ NAN KOURYE LAPÒS

Aplike kounye a nan MailMyBallotMA.com. Nou rekòmande pou w voye aplikasyon w lan anvan 20 Oktòb oplita. Voye tounen bilten vòt ou an nan kourye lapòs oubyen livre li fas-a-fas nan biwo vòt ki nan zòn ou an, nan yon bwat depo ofisyèl pou pote tounen bilten vòt, oubyen nan nenpòt biwo pou vote bonè yo pandan èdtan yo ki rezève pou vote bonè yo. Bilten vòt ou an dwe gen tanpon lapòs oswa oud we depoze li anvan 3 Novanm oplita. Swiv tras bilten ou an nan TrackMyBallotMA.com oubyen chèche pou jwenn anplasman pou depoze bilten ou an nan mass.gov/vote.



VOTE FAS-A-FAS NAN JOU ELEKSYON AN

Nan dat 3 Novanm, vote nan biwo vòt ou an ant 7 è a.m. ak 8 è p.m. Si ou nan fil datant la a 8 è p.m. oplita, ou gen dwa pou vote. Fè rechèche pou konnen kikote biwo vòt ou an ye nan WhereDoILVoteMA.com.



VOTE ANTANKE YON VOTÈ ABSAN

Ou kapab vote si w absan sèlman si w ap fè yon deplase andeyò oubyen si ou gen yon andikap fizik oubyen yon kwayans reliyèz ki anpeche w vote nan yon biwo vòt. Mande yon bilten vòt pou votè absan nan dat 28 Oktòb oplita oswa vin depoze bilten ou an nan dat 3 Novanm oplita. Mande yon aplikasyon pou bilten vòt votè absan; pou fè sa, rele nan 1-800-462-VOTE oubyen al gade nan mass.gov/vote.



DEPLACE POU VOTE BONÈ

Vote nan yon biwo pou vote bonè nan vil oswa minisipalite ou an ant 17 Oktòb ak 30 Oktòb. Adrès ak akilè biwo vòt sa yo louvri pral afiche nan dat 9 Oktòb oplita sou MassEarlyVote.com.

DWA POU JWENN YON AKSÈ EGALEGO

Tout biwo vòt yo oblige aksesib, gen kabin pou vote ki aksesib ak yon sistèm ki pèmèt votè yo ki gen andikap make bilten yo anprive ak yon fason ki endepandan. Moun ki gen yon andikap gendwa mande yon moun ede yo nan yon biwo vòt pou vote bonè oubyen nan yon biwo vòt nòmal, yo ka sèvi ak sistèm vote nan kourye lapòs oubyen vote antanke votè absan. Rele nan 1-800-462-VOTE / TTY: 1-800-720-3480 pou kapab jwenn plis enfòmasyon oubyen al gade nan mass.gov/vote.

DWA POU VOTE SAN KRAPONAY

Lwa Eta entèdi pou gen entèerans nan eleksyon oswa kraponay votè yo. Si gen yon moun k ap menase w nan bouch oswa fizikman pandan w ap eseye vote, l ap plede mande kodiman menmsi pa gen dokiman ki nesesè, si li talonnen ou oubyen entèfere nenpòt fason ak dwa w pou w vote, rele Biwo Avoka Jeneral la nan 617-963-2917.

DWA OU GENYEN POU YO KONTE VÒT OU AN

Si ou voe nan kourye lapòs, swiv tras bilten vòt ou an pou asire w ke li rive epi yo aksepte li. Si yo rejte bilten vòt ou an, Ofisyè eleksyon nan zòn ou an ta dwe kontekte w epi voye w yon lòt bilten vòt—ou kapab soumèt bilten vòt la oswa deplase pou vin vote. Si ou resevwa yon bilten nan kourye lapòs men ou pa voye l tounen oubyen si w pè pou biwo eleksyon an p ap resevwa li anvan li twò ta, ou gendwa deplase pou vin vote.

